



Pou Piblikasyon Imedya: 31/05/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YO PRAL NONMEN NOUVO TÈMINAL WOUT RAY  
LONG ISLAND LAN NAN MIDTOWN MANHATTAN GRAND CENTRAL MADISON**

*Sèvis LIRR nan East Side Manhattan rete sou objektif pou kòmanse ane sa a*

*Ouvèti Tèminal pou pèmèt ogmantasyon 40 pousan sèvis LIRR ki defini epòk la,  
amelyore vwayaj an sans envès, vwayaj nan moman ki pa chaje ak vwayaj  
diskresyonè ak dekonjesyone Penn Station*

*Orè yo pwopoze yo se premye re-ekriti orè konplè depi plizyè deseni; enkli  
amelyorasyon siyifikatif nan sèvis vwayaj an sans envès ak vwayaj nan moman ki  
pa chaje*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a tèminal Wout Ray Long Island (Long Island Rail Road, LIRR) ki mezire 700,000 pye kare ki prèske fini anba Grand Central Terminal ak Madison Avenue soti 43rd Street pou rive nan 48th Street pral pote non Grand Central Madison. Nouvo non Grand Central Madison lan raple pozisyon estasyon an ki sitiye anba Grand Central Terminal ak koridò Madison Avenue ki renome a. Sèvis tren LIRR nan nouvo tèminal la, ki reprezante pi gwo ekspansyon sèvis LIRR nan 112 ane depi Estasyon Pennsilvani (Penn Station) orijinal la ak Tinèl East River li yo te ouvri nan dat 8 septanm 1910, rete sou pwèn pou li kòmanse anvan fen ane a. LIRR a pral pibliye orè pwojè semèn sa a ki montre nouvo sèvis la anvan sesyon enfòmasyon piblik yo.

Nouvo tèminal la se pi gwo tèminal tren pasaje yo te konstwi Ozetazini depi ane 1950 yo, ak pwojè enfrastrikti 11.1 milya dola pou konekte Wout Ray Long Island ak East Side pral bay benefis enkalkilab pou tout rejyon sid eta a ak vizitè li yo, amelyore vwayaj rejyonal san pwoblèm no n sèlman nan lè ki chaje yo men pou vwayaj nan sans envès nan moman ki chaje, vwayaj diskresyonè ak vwayaj nan moman ki pa chaje nan yon anvivonman apre pandemi an.

"Sa a se yon moman eksitan, istorik pou Eta New York, Long Island, ak MTA pliske Nouyòkè yo sèlman rete kèk mwa pou yo kapab monte yon tren san pwoblèm ant East Midtown ak Long Island", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Grand Central Madison - pi gwo nouvo tèminal ray pasaje ki te konstwi depi ane 1950 yo - pral yon faktè ki chanje jwèt la pou Long Island, sa k ap pèmèt LIRR agrandi dramatikman sèvis ak fonksyone pi fyab pou pasaje yo, epi redui twòp moun nan Penn Station. N ap

kontinye rebati pi fò apre pandemi an epi n ap founi enfrastrikti modèn 21èm syèk ke Nouyòkè yo merite."

"MTA te travay di pandan kat ane ki sot pase yo - ki gen ladan pandan tout pandemi an - pou kenbe dat ouvèti 2022 a", **prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare**, "Nou reimajine jesyon pwojè a pou asire kontra adjasan yo te kowòdone ak anpil atansyon pou evite konfli ki lakòz reta; senplifye pwosesis chanjman òdonans lan; ekipe manadjè pwojè yo epi transfòme yon orè ki pa t ase detaye ak sèlman 8,500 aktivite nan 40,000 atik ak aktivite diferan ke yo ta ka swiv epi konplete."

"Mendèv Wout Ray Long Island lan ak kontraktè yo te travay san danje pandan tout pandemi an pou kenbe pwojè sa a sou kous li, e mwen vle aplodi angajman yo", **Prezidan Devlopman & Kontriksyon MTA a, Jamie Torres-Springer, te deklare**, "Finisman pwojè sa a pral ogmante kapasite lè LIRR ki chaje yo, epi an konbinezon ak pwojè LIRR Third Track la, fè yon vrè vwayaj an sans envès ant Manhattan ak Long Island vin yon reyalite."

Ouvèti Grand Central Madison, ansanm ak yon nouvo twazyèm vwa sou Liy Prensipal LIRR ki nan pwogramasyon pou ouvri an 2022, pral pèmèt LIRR ogmante sèvis nan tout sistèm nan yon 40 pousan estrawòdinè sou sèvis matinal ki chaje, epi ogmante dramatikman sèvis chaje nan sans envès. Se pral premye pwen antre LIRR nan Manhattan ki pa pataje ak lòt wout ray yo, sa vle di pi gwo fyabilite akòz mwens ekspozisyon ak entèripsyon sèvis yo, ak plis fleksibilite pou tren ak pasaje yo travay nan nenpòt ki bagay ki rive.

Grand Central Madison pral redwi anbouteyaj pasaj yo nan Penn Station, sa ki bay chans pou tren Wout Ray Metro-North yo antre nan fen deseni sa a. Nouvo tèminal la pral deplase kèk tren LIRR nan East Side, sa k ap redui anbouteyaj nan Penn Station epi pèmèt yon rekonstriksyon konplè pou ouvri li nan limyè natirèl epi bati yon sal datant pou pasaje ki inifye ki pi ekspansif ak oryantasyon entwitif, pi bon aksè ak enfòmasyon depa, sòti, antre, ak chemen tren yo ki mennen nan pis yo.

Nouvo tèminal la pral gen uit pis ak kat platfòm sou de nouvo nivo yo anba nivo ki pi ba nan Grand Central Terminal ki egziste deja, yo tout fèt ak oryantasyon pasif pou ede oryante itilizatè ki retounen yo atravè chanjman koulè sibtil selon kote yo. Tout tren ak platfòm yo konplètman separe ak Wout Ray Metro-North la, pou asire ke okenn ray tren pa lakòz reta nan lòt. Tèminal la pral genyen pano dijital an tan reyèl, sèvis selilè solid ak Wi-Fi, 25 magazen ki vann an detay, kat nouvo antre nan nivo lari a sou Madison Avenue ant 43rd Street ak 48th Street ak de nouvo antre nan espas ki egziste deja nan Grand Central ak de nan pasaj ekstremite nò Grand Central yo nan 45th ak 47th Streets

Ekipaj MTA Construction & Development, MTA Long Island Rail Road ak kontraktè yo ap teste sistèm ki gen ladan pano, entèripte, kouran elektrik, done sèvis kliyantèl, ak HVAC pou asire ke tout bagay ap fonksyone byen anvan sèvis tren yo kòmanse, epi LIRR ap enstwi ekip k ap opere tren yo sou dispozisyon ak sou operasyon nouvo tèminal la.

## **LIRR pral Pibliye Pwojè Orè yo**

Semèn sa a, LIRR la pral pibliye pwojè orè yo pou chak branch LIRR ki montre sèvis yo pwopoze nan tout sistèm lan apre ouvèti tèminal Grand Central Madison LIRR la. LIRR la pral òganize yon seri sesyon enfòmasyon piblik vityèl mwa pwochen an pou rasanble opinyon piblik la sou pwojè orè yo.

"Planifikatè sèvis nou yo te itilize opòtinite ouvèti sèvis Grand Central Madison pou rewè konplètman orè yo, pafwa sa pa fèt nan plis pase 30 ane", **Prezidan Pwovizwa LIRR la, Catherine Rinaldi, te deklare**, "Nou vle piblik la kapab wè pwojè orè sa yo plizyè mwa anvan sèvis yo kòmanse, epi planifye pou pataje orè final yo otòn sa a."

Yo te leve kontrent ki te limite zòn kapasite LIRR depi lontan gras ak yon prèske doubli kapasite pis pou rive nan Manhattan, yon twazyèm pis sou Liy Prensipal LIRR la, ak ouvèti Grand Central Madison lan, pi gwo nouvo tèminal ray ki janm ouvri nan Etazini depi ane 1950 yo. Nouvo pwojè orè yo ofri yon nivo detaye presi espektakilè sou ogmantasyon sèvis LIRR ki pi dramatik nan plizyè jenerasyon.

## **Ogmante Sèvis nan tout Sistèm nan Vle Di Plis Tren Pandan Moman AM ki Okipe, PM Okipe, Vwayaj an sans Envès Chaje yo, ak Moman ki pa Chaje yo**

Pwojè orè yo pwopoze pou ogmante kantite total tren LIRR yo a 40 pousan. Kantite tren èdtan nan lè matinal ki okipe yo ta ogmante yon ti kras plis pase 40 pousan epi kantite tren nan lè apremidi/swa yo ta ogmante pa prèske 65 pousan. Gras ak nouvo tèminal la ak Pwojè Ekspansyon Liy Prensipal (Main Line Expansion Project) LIRR la (Third Track), sèvis nan sans envès nan moman ki okipe a ta amelyore anpil nan Ronkonkoma, Huntington ak tout arè entèmedyè yo, ansanm ak Brooklyn, kote sèvis pou Jamaica ap ogmante.

Pwojè yo pral amelyore espas tren yo sou anpil branch, diminye gwo twou vid ki genyen nan sèvis yo. Pandan lè midi, aswè, ak wikenn ki pa chaje yo, Huntington ak Ronkonkoma yo tou de pral gen sèvis nan Manhattan chak 30 minit, ak nan wikenn sèvis Ronkonkoma Branch pral double ak finisman Pwojè Double Track la, ki entwodui 21 km nan yon nouvo dezyèm pis ant Farmingdale ak Ronkonkoma, ak Pwojè Ekspansyon Liy Prensipal la.

Sou West Hempstead Branch, tren yo pral kouri chak èdtan pandan peryòd ki pa chaje yo, de fwa pi souvan pase jodi a, epi bezwen pou chanje tren nan Valley Stream lan elimine. Estasyon yo nan Queens yo pral wè ogmantasyon sèvis pandan tout jounen an, nan alafwa peryòd ki chaje ak nan peryòd ki pa chaje yo.

## **"Chanjman nan Jamaica" Evolye**

Pou redwi reta ki ka fèt kounye a nan Jamaica Station pandan tren yo ap tann yon tren ki konekte, epi pou pèmèt LIRR deplase siyifikativman plis tren nan estasyon an, tren yo p ap gen koneksyon pwogram ankò nan Jamaica.

Kliyan ki ale nan Manhattan nan lè okipe nan pifò branch yo, ak tout jounen an nan branch ki pi okipe yo, yo pral gen anpil opsyon pou mennen yo nan tèminal yo chwazi san yo pa bezwen chanje tren. Pou moun ki bezwen transfere yo, tout tren yo pral kounye a kanpe nan estasyon nan Jamaica pou diminye tan datant yo. Yon fwa orè yo fini nan otòn la, yo pral mete ajou aplikasyon TrainTime lan pou bay rekòmandasyon transfè yo.

### **Sèvis pou Brooklyn pral Ogmante a 28 pousan**

Nan Brooklyn, tren yo pral kouri a peprè chak 12 minit nan toude direksyon yo pandan lè chaje yo ak chak 20 minit pandan lè ki pa chaje yo pou yon ogmantasyon jeneral 28 pousan nan tren chak jou yo. Chak tren pral kanpe nan Nostrand Avenue ak East New York. Pifò tren Brooklyn yo pral soti ak fini nan Jamaica lè yo sèvi avèk nouvo platfòm F la, men LIRR a pral kenbe kèk nan sèvis ak tren pou moman ki chaje ak moman ki pa chaje nan West Hempstead Branch ak tren nan moman ki chaje nan Babylon ak Hempstead Branches. Pifò kliyan nan Far Rockaway ak Hempstead Branches yo, ki gen tren kounye a ki prensipalman ap sèvi Brooklyn, pral kounye a gen sèvis dirèk nan Manhattan tout jounen an.

### **LIRR pral òganize Sesyon Enfòmasyon sou Nouvo Pwojè Orè yo**

LIRR a pral òganize kat sesyon enfòmasyon sou kliyan vityèl sou nouvo orè yo pwopoze nan dat ak lè sa yo:

- 23 jen - 6-7 p.m.
- 30 jen - 6-7 p.m.
- 7 jiyè - 6-7 p.m.
- 13 jiyè - 6-8 p.m.

**Reprezantant Carolyn Maloney te deklare,** "Pwojè Aksè East Side yo t ap tann depi lontan an - ki konekte sèvis Long Island Rail Road ak East Side Manhattan - kounye a jis nan kèk etap pou li vin yon reyalite. Sèvis la pral chanje fason moun Long Island yo ap vwayaje nan Vil la, elaji sèvis East Side, epi ankouraje plis pasaje pandan ekonomi New York la ap retounen. Mwen fyè dèske mwen te patnè federal nan pwojè sa a k ap travay avèk Otorite Transpò Metwopoliten ak Eta New York pou wè pwojè sa a fini."

**Senatè Eta Brad Hoylman te deklare,** "Mwen kontan anpil pou anons Gouvènè a ke Grand Central Madison ki fèk renome a pral kenbe dat ouvèti orijinal li an 2022. Transpò an mas ki vast ak fyab kontinye rete sa ki fè New York ak Midtown Manhattan apa de lòt vil mondyal yo epi Grand Central Madison pral kontinye bati sou avantaj konpetitif sa a lè l bay yon lyen ak Long Island epi redwi foul moun k ap vwayaje yo nan Penn Station. Mwen trè rekonesan anvè konstriksyon ak travayè MTA yo ki te fè pwogrè sa posib, sitou pandan pandemi COVID-19 ki difisil la."

**Prezidan Minisipalite Manhattan, Mark Levine, te deklare,** "Grand Central Madison pral yon gwo avantaj pou East Side anplis l ap soulaje anbouteyaj nan Penn Station. Amelyore transpò piblik nan Manhattan pral ede ankouraje rekipasyon ekonomik lokal, espesyalman pou yon koridò biznis ki te tèlman maltrete pa pandemi an. Tèminal sa a ak sèvis la ogmante tou ankouraje mwens vwayaj ak machin nan Manhattan, ki se yon viktwa pou anviwònman an ak pou kalite lavi."

**Manm Konsèy Keith Powers te deklare,** "Mwen kontan dèske nouvo sèvis LIRR nan Grand Central Madison pral vini nan Midtown Manhattan ane sa a. Vil New York toujou an mouvman, epi rekipasyon nou an depann de opsyon transpò rapid, fyab, ak aksesib pou tout moun. Mwen felisite Gouvènè Hochul ak MTA pou efò yo fè pou bay priyorite ak transpò piblik nan vil nou an, nou pa ka tann pou nou fini tèminal la."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)